



Fich enfòmasyon sou pwosesis pou pote yon plent sou règ kominotè a

Egzansyon nan sèvis lakay e nan kominote a

Istorik

Yon règ federal - règ kominotè a - egzije sèvis lakay e nan kominote a (*home- and community-based services*, HCBS) ki kouvri nan egzansyon Medicaid HCBS la founi lè li satisfè sèten kritè. Règ kominotè a asire patisipan ki egzante nan HCBS gen aksè nan benefis nan lavi kominotè e viv e resevwa sèvis nan yon milye entegre e ki pa nan enstitisyon.

Règ kominotè a aplike sou :

- Kay patisipan an, sètadi kote patisipan egzante a rete, e
- Lòt milye kote patisipan yo resevwa sèvis. Sa gendwa gen ladan l kote yon patisipan egzante a travay oubyen ale nan pwogram lajounen.

Lis ki suiv yo dekri kèk fonksyon nan kay la oubyen lòt paramèt ki konfòm ak règ kominotè a.

Karakteristik kay la

- Li nan kominote a.
- Ou ka aktif nan kominote a.
- Ou ka ale nan kominote a si w vle.
- Ou ka chwazi kolokatè ou yo.
- Ou ka dekore jan w vle.
- Ou gen pwoteksyon legal anrapò ak degèpisman.
- Ou ka ale nan tout espas komen nan kay la.
- Ou gen entimite e ka klete pòt chanm ou.
- Ou ka resevwa vizitè lè w vle.
- Ou ka deside orè ou a.
- Ou ka manje lè w vle.
- Ou ka depanse lajan w jan w vle.
- Ou ka tèlòle avèk lòt ki gen andikap oubyen pa gen andikap.

Karakteristik lòt paramèt nan sèvis yo

- Li nan kominote a.
- Ou ka aktif nan kominote a.
- Ou ka ale nan kominote a si w vle.
- Ou ka chwazi si w vle travay e ki kote.
- Ou ka di sa w vle sou è e orè yo.
- Ou ka chwazi fè benevola.
- Ou ka tèlòle avèk lòt ki gen andikap oubyen pa gen andikap.

Yon patisipan egzante nan HCBS gendwa depoze yon plent avèk eta a si l kwè youn nan milye yo pa gen karakteristik sa yo.

Pou fè rapò sou yon paramèt ou pa kwè konfòm ak règ kominotè a, ou gendwa :

- Gade nan sit entènèt la nan www.mass.gov/info-details/community-rule-grievance-process, ranpli fòmilè pou pote plent sou règ kominotè a, e voye li ban nou nan CommunityRuleGrievance@mass.gov, oubyen
- Sonnen nan (617) 573-1751